**दिन–गुरूवार** **दिनांक–22.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समृद्धि यात्रा के दरमियान आइ सीवान जिला मे दू सय करोड़ टाका सँ बेसी के विभिन्न विकास योजना सभक शिलान्यास आ शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर राजेन्द्र स्टेडियम मे जनसंवाद सभा के संबोधित करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे महिला लोकनिक सशक्तिकरण सरकारक प्राथमिकता अछि। श्री कुमार कहलनि जे राज्य सरकार शिक्षा, स्वास्थ्य, सुरक्षा आ स्वरोजगारक लेल महिला लोकनि के विशेष अवसर उपलब्ध करौलक अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकारक लक्ष्य अछि जे हरेक घर धरि रोजगारक अवसर पहुंचय। समृद्धि यात्राक दरमियान मुख्यमंत्री मैरवा स्थित निर्माणाधीन सरकारी मेडिकल कॉलेज आ अस्पतालक निरीक्षण कयलनि। एकर संगहि, मेडिकल कॉलेज परिसर मे जीविका सहित विभिन्न विभाग द्वारा लगाओल गेल स्टॉलक सेहो निरीक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री सीएचसी मैरवा, एएनएम कॉलेज मैरवा, निर्माणाधीन सीवान–मैरवा पथ आ राजेन्द्र स्टेडियम के लऽग जल–जीवन हरियाली पार्क के सेहो निरीक्षण कलयनि।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राज्यक सभ प्रखंड मे डिग्री कॉलेज खोलल जायत। सीवान मे मुख्यमंत्रीक समृद्धि यात्राक दरमियान सभा के संबोधित करैत श्री चौधरी कहलनि जे राज्य सरकार शिक्षा संरचना के व्यापक बनेबाक लेल आधारभूत स्तर पर काज कऽ रहल अछि। एहि लेल आदर्श मॉडल स्कूल बनेबाक काज सेहो कयल जा रहल अछि।

---

राज्यक सभ प्राथमिक सरकारी स्कूल मे एकतीस जनवरी के शिक्षक–अभिभावक लोकनिक मीटिंग के आयोजन कयल जायत। प्राथमिक शिक्षा निदेशालयक दिस सँ एहि संबंध मे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी लोकनि के निर्देशित कयल गेल अछि। पत्र मे कहल गेल अछि जे बच्चा सभक सर्वागिण विकास आ प्रारंभिक शिक्षा के नीक सँ नीक बनेबाक लेल अभिभावक लोकनि के पुर्नरूपेण सक्रिय करब आवश्यक अछि। पीटीएम के दरमियान शिक्षक अभिभावक लोकनि के मोबाईल आ सोशल मीडिया के आदति सँ बच्चा सभ के दूर राखबाक, हुनक व्यवहार कुशलता आ हुनक मानसिक स्वास्थ्य के मुद्दा पर गपशप करताह।

---

छत्तीसगढ़ के बलौदा बाजार जिलाक बकूलाही क्षेत्र मे स्थित स्पंज आयरन फैक्ट्री के बॉयलर मे विस्फोटक घटना मे बिहारक पांच श्रमिक सहित छओ गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। मृतक मे एक चारि सालक एक बच्चा बद्री भूइयां के सेहो सम्मिलित अछि। मृतक मजदूर सभक पहचान गया जिलाक डुमरियाक रहऽवला श्रवण कुमार, राजदेव कुमार, जितेन्द्र भूइयां आ सुंदर भूइयां के रूप मे कयल गेल अछि। एहि घटना मे पांच आन मजदूर गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

---

जदयू मुंबई मे प्रस्तावित बिहार भवनक निर्माण के लऽकऽ विरोध के घटिया राजनीति जनौलक अछि। जदयूक वरिष्ट नेता आ राज्य सरकारक मंत्री अशोक चौधरी कहलनि जे मुंबई देश आर्थिक राजधानी अछि आ एतऽ बिहारक लोकसभक मददि के लेल बिहार भवन हर–हाल मे बनाओल जातय।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ दरभंगा राज परिवारक अंतिम महारानी कामसुंदरी देवी के श्राद्ध कर्मक द्वादशाक अवसर पर आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे भाग लेलनि। दरभंगाक कामेश्वर नगर स्थित कल्याणी निवास परिसर मे आयोजित द्वादशा श्राद्ध कार्यक्रम मे ओ दिवंगत महारानी के चित्र पर पुष्प अर्पित कऽ श्रद्धांजलि देलनि। राज्यपाल राजपरिवारक योगदान के स्मरण करैत कहलनि जे शिक्षाक क्षेत्र मे एहि परिवारक अविस्मरणीय योगदान रहल अछि। श्राद्ध कार्यक्रम मे देशभरि के साधु–संत कतेको राजघरना सभक प्रतिनिधि, विभिन्न राजनीतिक दल सभक वरिष्ठ नेता आ कतेको गणमान्य लोकनि सम्मिलित भेलाह।

---

सर्द पछवा हवा के प्रभाव कम भेला सँ राज्यक विभिन्न क्षेत्र सभ मे ठंढा मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभागक रिपोर्ट के अनुसार बेसी ठाम उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे वृद्धि भेल अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–पूर्वी भागक किछु स्थान मे न्यूनतम तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक मौसम शुष्क रहत। ओतहि, छब्बीस जनवरी के बाद पश्चिमी विक्षोभक सक्रिय भेला सँ किछु ठाम हल्का वर्षा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————————————

वसंत पंचमी के पावनि काल्हि देश भरि मे श्रद्धा आ उत्साहक संग मनाओल जायत। एहि अवसर पर विद्याक देवी मां सरस्वतीक पूजा–अर्चना कयल जायत अछि। एहि के लऽकऽ विभिन्न शिक्षण–संस्थान, समाजिक संगठन आ सांस्कृतिक समूह सभ विशेष तैयारी कयलक अछि। विभिन्न स्थान सभ पर पूजा पंडाल बनाओल गेल अछि। बाजार मे पूजा सामाग्री, सजेबाक समान आ फल–फूल किनबाक लेल लोक सभक भीड़ बाजार मे उमडि.रहल अछि। एम्हर पूजा के देखैत प्रदेश भरि मे सुरक्षा–व्यवस्था कड़गर कऽ देल गेल अछि। पूजा समिति सभ के अनिवार्य रूप सँ लाईंसेंस लेबाक निर्देश देल गेल अछि। संगहि, विसर्जन जुलूस मे डीजे बजेबा पर प्रतिबंध लगाओल गेल अछि।

———————————————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिला मुख्यालय बेतिया के जीएमसीएच परिसर मे जुनियर डॉक्टर आ मरीजक परिजन के मध्य मारिपीटक घटना मे कतेको लोक घायल भऽ गेलाह अछि। दुनू दिस सँ शिकायत दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————————————————————

समाप्त